

Chanjman enpòtan nan enfòmasyon ki nan Gid paran an

Men chanjman yo fè nan enfòmasyon ki nan gid paran yo distribye ak avi sa a:



Pa gen enskripsyon ankò pou elèv ki nan plan repa a pri redui; se pito sèlman pou plan manje midi gratis Elèv ki kalifye.

Sizoka demann pou sèvis edikatif siplemantè *Supplementary Educational Services*(SES) yo depase kantite lajan ki rezève pou SES, dapre pwogram Tit I, Pati A, y ap elèv k ap ki gen pi move pèfòmans akademik priyorite.



Yo chanje enskripsyon prentan an ak dènye jou sèvis yo idantifye nan paj 5 lan.

Enskripsyon prentan an ap fèt 6 fevriye 2012 pou rive nan fen jounen 17 fevriye 2012.

Sèvis yo ap fini 15 jen 2012.



Yo ka ofri sèvis yo nenpòt jou nan semèn lan.

Yo ka ofri sèvis yo nenpòt lè eksepte 8am pou 2:30pm nan jou lekòl.

Yo pa ka ofri sèvis ant minui ak 5am nan okenn jou.



Founisè sa yo pa disponib pou ofri sèvis pandan enskripsyon prentan 2011/2012 la:

Babbage Net Schools, Inc./BTTX, LP (paj 15)

Brownstone Services, DBA NY Academy Tutors (paj 17)

EBL Coaching inc. (paj 23)

LeapTutor.com Inc. (paj 28)

New York City Learning Academy/NYCLA (paj 31)

Sunshine Learning Center (paj 36)

Yankasa Association of USA, Inc. (paj 39)

Lòt enfòmasyon ki konsène founisè ki nan lis ki nan gid paran an ka varye piske pwosesis kontra a potko fini nan moman yo te enprime gid paran sa a. Ou ka jwenn enfòmasyon ki fèk parèt yo nan sit wèb DOE a nan:

<http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/NCLB/SES/default.htm>